

# ENFÒMASYON SOU ASISTANS CHOMAJ NAN KA DEZAS

SI OU GENYEN KESYON OSWA  
BEZWEN ASISTANS TANPRI  
**RELE REPREZANTAN SÈVIS  
KLIYAN DUA**



**800-385-3920**



DisasterAssistance.gov  
FloridaJobs.org

# KISA NOU YE

---

# KONTAKTE NOU

---



# ASISTANS POU CHOMAJ NAN KA DEZAS



## KI SA KI DUA A??

**Pwogram Asistans Chomaj pou Katastwòf (DUA)** bay lajan a moun ki te pèdi travay yo oswa ki te pèdi lè nan jou travay yo akòz yon gwo katastwòf.

### KÒMAN POU OU KALIFYE POU ASISTANS CHOMAJ NAN KA DEZAS NAN FLORID?

- Ou te pèdi travay ou akòz yon evènman ke yon prezidan te ofisyèlman deklare kòm yon dezast.
- Wap viv oswa travay nan zòn yon dezast afekte.
- Kote wap travay la te andomaje oswa fèmen.
- Ou te pwograme pou kòmanse travay men travay la pa egziste ankò.
- Ou pa kapab travay akòz ou te blese nan yon dezast.
- Wap chèche travay paske moun ki reprezante tèt fanmi a te mouri oswa li te blese nan travay la akòz dezast la epi li pa kapab travay.
- **Ou dwe fin epwize tout lòt asistans tankou Asistans pou Reyanbochaj,** ak Konpansasyon Chomaj pou Ijans anvan ou kalifye pou Asistans Chomaj nan Ka Dezast. Yon moun ki pa kalifye pou li resevwa benefis reyanbochaj regilye ka kalifye pou li resevwa asistans chomaj pou dezast.

### KÒMAN POU OU ENSKRI?

Enskri sou entènèt nan Asistans Chomaj Nan Ka Dezast - FloridaJobs.org. Pou siklòn lan, dat limit pou enskri se 30 desanm 2022.

Ou dwe bay enfòmasyon sa yo lè wap ranpli aplikasyon an:

- Nimewo Sekirite Sosyal
- Nimewo anrejistremant etranje ak dat ekspirasyon (si sa aplikab).
- Non ak adrès dènye anplwayè ou a.
- Si ou te travay nan yon lòt eta pandan de dènye ane yo, bay non ak adrès anplwayè ki nan lòt eta a.
- Si wap travay pou pwòp tèt ou epi ou gen prèv ou tap travay pou pwòp tèt ou pou de dènye ane yo. (Pa egzanp, deklarasyon W-2, deklarasyon taks, kont, deklarasyon yon bank ki montre yon kont biznis, oswa yon kopi tit oswa yon tit pwopriyete pou yon biznis.
- Si yo te pwograme ou pou ou travay men ou pat kapab travay akòz dezast la, ou dwe genyen non ak adrès anplwayè a ak dat ou te dwe kòmanse travay la.

### KIJAN POU OU KONTESTE?

Si yo refize ou asistans, ou gen 60 jou pou ou konteste kont yon detèminasyon oswa yon re-detèminasyon an atravè yon abit kontestasyon.

Yo deside sou kontestasyon DUA yo nan limit **30 jou** apre yo resevwa yo.

Ou pral gen 15 jou pou konteste kont desizyon abit la

